



Pou Piblikasyon Imedya: 31/05/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO LANSE KANPAY POU LEGALIZE MATÈNITE SIBSTITISYON KI PA JENETIK LA AK ENTÈDI DEFANS PANIK OMOSEKSYÈL AK TRANSEKSYÈL LA AVAN FEN SESYON AN

Legalizasyon Matènite Sibstitisyon ki pa Jenetik la Pral Pèmèt Koup Omosesyèl yo ak Koup ki gen Difikilte Fè Pitit yo Konsevwa yon Bebe Atravè Metòd Pwokreyasyon Asiste

Entèdiksyon Defans Legal Panik Omosesyèl ak Transeksyèl la Pral Entèdi Moun yo Akize de Krim Vyolan yo Itilize Omofobi ak Transfobi kòm yon Estrateji Defans Vyab Devan Tribinal yo

Yo te Prezante Toude Pwopozisyon yo kòm Eleman nan Bidjè Egzekitif Gouvènè a

Gade Nouvo Sitwèb Kanpay la [La](#)

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te lanse yon kanpay pou legalize matènite sibstitisyon ki pa jenetik ak entèdiksyon defans panik kont omoseksyèl ak transeksyèl yo avan fen sesyon an k ap 19 Jen. Yo te pwopoze toude pwojè lwa sa yo nan kad Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2020 Gouvènè a men lejislati a pa te adopte yo, epi yo te kite yo pou yo konsidere yo andeyò bidjè a pandan rès sesyon lejislativ la. Nou ka wè yon nouvo sitwèb yo dedye a kanpay la [isit la](#).

"Sa yo se de pwoblèm ki pi boulvèsan nou bezwen korije. Premye pwoblèm lan se defans panik omoseksyèl ak transeksyèl la. Daprè lwa aktyèl la, yon moun ka soulve nan yon pwosè kriminel ke lè yo te dekouvri ke yon moun te omoseksyèl oswa transeksyèl, sa te tèlman boulvèse yo emosyonèlman ki fè yo pa konplètman responsab pou aksyon yo. Se enstitisyonalizasyon ak kodifikasyon santiman omofobi ak transfobi, epi sa vrèman degoutan pou lwa sa a toujou rete an vigè", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Dezyèm lwa aktyèl ke nou bezwen revoke a se entèdiksyon matènite sibstitisyon an. Kounye a la si yon koup omoseksyèl oswa yon koup esteril vle gen yon pitit, nan 47 eta ou ka fè yon kontra ak yon fanm pou yon nesans jestasyonèl - men pa nan New York. Avan fen sesyon lejislativ la, nou bezwen korije de vyolasyon sa yo ki revòltan fas a kwayans nou ak kimoun nou ye epi ki se yon enjistis sou kominote Lesbyen, Omoseksyèl, Biseksyèl, Transeksyèl, ak lòt ki pa defini oryantasyon seksyèl yo (LGBTQ)."

"New York se kote mouvman dwa moun LGBTQ yo te pran nesans, epi n ap trase chemen an gras a efò nou ap fè pou vanse dwa ak pwoteksyon egal pou tout moun", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Gras a GENDA ak pwojè lwa ki ap entèdi terapi konvèsyon yo ki vin lwa eta a kounye a, nou ap pran mezi pou asire jistis ak

egalite - men nou poko fini. Lejislasyon pou legalize matènite sibstitisyon ak elimine defans 'panik kont omoseksyèl ak transeksyèl' la pral plis vanse efò nou ap fè pou n asire moun LGBTQ yo ka agrandi fanmi yo epitou pou nou pwoteje yo kont zak laèn ak vyolans yo."

Legalizasyon Matènite Sibstitisyon ki pa Jenetik

Matènite sibstitisyon ki pa jenetik bay koup omoseksyèl yo ak koup ki gen difikilte fè pitit yo kapasite pou yo konsevwa yon bebe avèk èd pwogrè medikal ki genyen nan pwokreyasyon asiste yo. Lwa aktyèl eta a yo non sèlman entèdi matènite sibstitisyon ki pa jenetik, men tou yo pa reyisi defini klèman kiyès ki paran legal yo lè yo konsevwa yon timoun gras a teknoloji pwokreyasyon an. Pou Gouvènè a ka agrandi anplè enklizivite lwa sante repwodiktiv New York yo, li te [pwopoze](#) lejislasyon nan Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2020 an pou retire entèdiksyon ki gen sou kontra matènite sibstitisyon yo, sa ki pral asire pwoteksyon pou tout pati ki konsène yo tou.

Entèdiksyon Defans Panik Omoseksyèl ak Transeksyèl la

Defans panik omoseksyèl ak transeksyèl aktyèl yo pèmèt sila ki responsab pou krim vyolan kont moun kominote LGBTQ yo resevwa yon kondanasyon mwen sevè, epi nan kèk ka, menm evite kondanasyon, lè yo mete kilpabilite a sou oryantasyon oswa idantite seksyèl aktyèl oswa yo pèsevwa viktim lan ka genyen. Adopsyon pwojè lwa sa a pral repare fay jiridik ki gen nan lwa eta ki aktyèlman pèmèt moun itilize defans panik omoseksyèl ak transeksyèl yo aprè yo fin atake lòt moun sou baz yon pèsesyon, oswa dekouvèt, sèks, idantite seksyèl, oswa oryantasyon seksyèl viktim lan.

Beverly Tillery, Direktris Egzekitiv Pwojè Anti-Vyolans Vil New York la (New York City Anti-Violence Project), te deklare, "Anba lidèchip Gouvènè Cuomo, New York te rete alatèt lit pou asire pwoteksyon legal pou moun LGBTQ toupato atravè eta yo. Epoutan menm avèk tout pwogrè nou te fè yo, nou toujou rete anpil bagay pou nou fè. Jodi a, mwen kanpe ak Gouvènè a pandan l ap lite pou l legalize matènite sibstitisyon ki pa jenetik ak entèdi defans panik omoseksyèl ak transeksyèl la yon fwa pou tout. Lè moun revandike yon defans panik omoseksyèl oswa transeksyèl, yo ap jistifye vyolans laèn yo fè a lè yo mete kilpabilite a sou viktim lan, senpleman akòz jan de moun yo ye a. Nou paka tolere moun itilize defans omofobik ak transfobik yo devan tribinal yo. Pwojè lwa sa yo pral chanje lavi Nouyòkè yo toupato atravè eta a, men avèk inaksyon lejislati a, defans deplorab panik omoseksyèl ak transeksyèl la pral rete an vigè, epi koup omoseksyèl k ap eksplòre matènite sibstitisyon ki pa jenetik yo pral desi yon lòt fwa ankò. Pou eta nou an ka kontinye rete yon lidè nasyonal nan avansman jistis pou tout moun kèlkeswa oryantasyon seksyèl oswa idantite seksyèl yo, nou dwe fè pa sa a".

Kristen Prata Browde, ki se Prezidan Konsèy, Asosyasyon Bawo LGBT Rejyon Metwopolitèn New York la (LGBT Bar Association of Greater New York) ak Ko-Prezidan Konsèy Administrasyon Asosyasyon Bawo Trans Nasyonal la (National Trans Bar Association) te deklare, "Malgre ostilite k ap soti nan Washington, nou te fè anpil pwogrè nan lit pou egalite a isit la nan New York ane sa a. Men, menm nan eta nou an, toujou gen lwa ki egziste aktyèlman la k ap pwomouvwa diskriminasyon, sa k ap fè nou rete dèyè. Entèdiksyon matènite sibstitisyon ki pa jenetik la ap anpeche koup tout oryantasyon jwenn yon opsyon vyab pou yo konsevwa yon bebe, sa k ap anpeche yo reyalize rèv yo epi mete plis fado sou koup amoure ki plen espwa sa yo. Tout Nouyòkè dwe kapab, evidaman, yo dwe ankouraje yo pou yo kreye yon fanmi. Gras a

matènite sibstitisyon an k ap legal, nou ka ede yo atenn objektif sa a. Menm pi boulvèsan toujou se estrateji defans panik omoseksyèl ak transeksyèl la ke yo toujou ap itilize nan tribinal New York yo jounen jodi a. Pa gen okenn eskiz pou moun ki atake lòt moun sou baz oryantasyon seksyèl yo oswa idantite seksyèl yo, yo dwe baze kondanasyon yon akize sèlman sou baz nati krim yo komèt la. Òganizasyon mwen ap dijire yo, ki se Asosyasyon Bawo LGBT Rejyon Metwopolitèn New York la ak Asosyasyon Bawo Trans Nasyonal la, epi mwen menm, antanke yon Nouyòkè transeksyèl fyè, mwen santi m rekonesan anpil anvè Gouvènè Cuomo pou defans fewòs li pou yo ka adopte pwojè lwa sa yo epi plis vanse dwa moun LGBTQ yo toupatou atravè Empire State la".

Reveran Stan J. Sloan, Direktè Egzekitif Jeneral Konsèy Egalite Fanmi an (Family Equality Council) te deklare, "Mwen fyè pou m akonpaye Gouvènè Cuomo nan lit sa a pou pote plis egalite pou tout kominote LGBTQ a nèt. Adopsyon toude pwojè lwa sa yo enperatif pou fè vanse dwa yon kominote k ap konfwonte entolerans ak diskriminasyon depi byen lontan lè yo ap kreye fanmi yo ak nan sistèm jistis kriminel la. Lè nou agrandi opsyon pou koup omoseksyèl yo konstwi fanmi yo epi lè nou revoke lwa defans panik omoseksyèl ak transeksyèl la yon fwa pou tout, pwojè lwa sa yo pral fè yon lòt pa ankò nan kad efò pou pote egalite pou moun LGBTQ yo toupatou nan Eta New York. Mwen ap ankouraje lejislati a pou yo pran aksyon sou pwojè lwa enpòtan sa yo avan fen sesyon an k ap rive sou nou la".

Fanmi Van Degna te deklare, "Gen tèlman anpil koup nan New York k ap konfwonte difikilte pou yo kòmanse pwòp fanmi pa yo, epi mwen ka di nou dapre eksperyans pèsònèl mwen, efè emosyonèl sa genyen lè w aprann ke opsyon w yo limite. New York te toujou rete yon lidè nan pwomosyon dwa LGBTQ ak dwa fanm yo, epi li inakseptab ke yo toujou kontinye entèdi matènite sibstitisyon nan New York epi yon koup ki esteril oswa yon koup LGBTQ ka pwofite de pwogrè medikal sa yo pou yo kòmanse yon fanmi. Imajine kantite lanmou k ap koule nan eta nou an paske moun ki gen entasyon vin paran yo ak moun k ap pote bebe a pou yo a ka vin pi pwòch ankò pandan y ap fè trajè enkwayab sa a. Li lè pou New York leve kanpe epi fè matènite sibstitisyon legal yon fwa pou tout, epi mwen remèsye Gouvènè Cuomo pou lidèchip li nan lit sa a".

Richard Burns, Direktè Egzekitif Jeneral Pwovizwa Lambda Legal la, te deklare, "Legalizasyon matènite sibstitisyon ki pa jenetik ak eliminasyon defans legal Panik Omoseksyèl ak Transeksyèl la nan New York, se kèk nan pwochèn etap n ap pran pou nou pote egalite konplè pou kominote LGBTQ a. Li esansyèl pou moun LGBTQ nan New York yo kapab fòme fanmi amoure yo epi pou mete fen nan sik vyolans mechan sa a ke 'panik omoseksyèl' ak 'panik transeksyèl' ke yo swadizan rele defans lan, kont kominote nou yo Lejislati a dwe aji avan fen sesyon an sou pwoblèm sa yo, oswa New York ap riske fayi a repitasyon l kòm eta lidè nan pwomosyon egalite pou LGBTQ yo. Lambda Legal ap felisite Gouvènè a pou gwo defans pisan l ap fè pou pwoblèm sa yo".

Delores Nettles, Manman Islan Nettles, ke yo te touye an 2013 epi moun ki te atake l la te itilize defans panik transeksyèl la, te deklare, "Defans panik omoseksyèl ak transeksyèl la se yon eskiz pou moun entoleran yo ka evite peye pou krim meprizab yo te fè yo, epi li pa gen plas li nan Eta New York. Nenpòt paran ki pèdi yon timoun akòz krim laèn pa dwe pè ke moun ki te atake piti li a ka resevwa kondanasyon mwen

sevè oswa menm lage lib akoz fay jiridik pasyal sa a. Mwen rekonesan paske Gouvènè Cuomo ap dirije efò pou entèdi defans sa yo ak pou angajman l pran pou rann New York vin yon kote ki pi an sekirite, ak pi ekitab pou kominote LGBTQ a".

Brian Romero, Espesyalis nan Politik nan GMHC te deklare, "Yo te fonde sant Kriz Sante Omoseksyèl Gason yo (Gay Men's Health Crisis, GMHC) an pati pou pote vizibilite pou kominote LGBTQ ke VIH/SIDA afekte yo. Jounen jodi a, Gouvènè Eta New York la, Andrew Cuomo ap kontinye montre lidèchip lè l mande pou yo revoke lwa demode ki gen sou matènite sibstitisyon yo ak swadizan defans panik omoseksyèl ak transeksyèl la. Tout Nouyòkè yo dwe gen kapasite pou yo fòme yon fanmi. San dwa pou matènite sibstitisyon ki pa jenetik la, koup omoseksyèl ak koup k ap konfwonte difikilte pou yo fè pitit yo pa gen okenn mwayen nan eta nou an pou yo konsevwa yon bebe. Anplis de sa a, okenn moun pa dwe panse yo ka asasine yon Nouyòkè LGBTQ, espesyalman fanm transeksyèl nwa yo paske lalwa a ap pèmèt yo fè sa a. Pandan n ap selebre anivèsè rebelyon Stonewall la nan jou k ap vini yo, nou ap mete ansanm ak Gouvènè a pou nou mande lejislati a pou yo (pa kite Albany pazavan yo) pwomilge lejislasyon sa a".

Barbara Joy Beatus te deklare, "Depi byen lontan, Gouvènè Cuomo ap defann sila yo te redui vwa yo an silans, sila yo te diskrimine kont yo, ak sila yo pat bay dwa egal yo. Jodi a, mwen ap mete ansanm ak Gouvènè Cuomo pou nou redouble efò epi mande pou yo pran aksyon sou de moso lejislasyon enpòtan sa yo. Nou pap kanpe an favè inegalite nan eta sa a, epi adopsyon pwopriyete lwa sa yo vle di yon lòt pa annavan ankò anvè egalite pou tout Nouyòkè".

Pandan dire administrasyon li an, Gouvènè Cuomo te toujou ap defann dwa LGBTQ yo, notaman adopsyon lwa sou Egalite sou Plan Maryaj la (Marriage Equality Act) an 2011. Nan kòmansman ane sa a, Gouvènè a [te siyen](#) lwa sou Non-Diskriminasyon Akoz Ekspresyon Sèks la (Gender Expression Non-Discrimination Act, GENDA), sa k ap entèdi anplwayè yo, enstitisyon edikasyonèl yo, pwopriyete kay yo, kredi yo, ak lòt moun yo diskrimine kont moun sou baz idantite oswa ekspresyon seksyèl, epi rann enfrazyon yo komèt sou baz idantite oswa ekspresyon seksyèl yo kòm krim laèn dapre lwa Eta New York la. Gouvènè a te siyen tou lejislasyon k ap entèdi pratik terapi konvèsyon an gras a agrandisman definisyon move kondwit pwofesyonèl pou pwofesyon ki gen lisans dapre lwa sou edikasyon an pou gen ladan angajman nan terapi konvèsyon an ak yon pasyan ki gen mwens pase dizwit tan daj.

Pi resaman, an previzyon pou demantèlman dispozisyon enpòtan lwa sou Swen Abòdab la yo (Affordable Care Act), Gouvènè Cuomo [te mande](#) Depatman Sante a (Department of Health) pou yo pibliye règleman k ap entèdi pwofesyonèl swen sante yo diskrimine kont pasyan transeksyèl yo, epi li te mande Depatman Sèvis Finansye a (Department of Financial Services) pou yo pibliye règleman k ap agrandi pwoteksyon anti-diskriminasyon yo pou moun transeksyèl yo lè y ap chache jwenn aksè a asirans medikal. Li te bay konsiy sa yo kòm repons dirèk kont pwopozisyon Administrasyon Trump lan pou anile yon règleman federal ki presize ke pwoteksyon non-diskriminatwa nan lwa sou Swen Abòdab la ki baze sou sèks yo gen ladan yo tou pwoteksyon ki baze sou idantite seksyèl. Lè yo retire pwoteksyon sa yo, anviwon 90,300 moun New York ki transeksyèl pral ekspoze a diskriminasyon ki enjis, flagran epi ilegal.

An repons dirèk a gouvènman federal la ki te vle anile pwoteksyon federal yo pou etidyan ki transeksyèl yo an 2017, Gouvènè a te mande Depatman Edikasyon Eta a (State Education Department) pou yo pibliye yon enstriksyon pou distri eskolè yo ki ap ranfòse pwoteksyon kont diskriminasyon ak asèlman ke etidyan ki transeksyèl yo te sibi anba Lwa Eta New York la.

###

Lèt nouvell disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)